


Bibiliya y'Abana
Ishikirije

Daniyeli N'indoto
Iyoberanye



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
Jonathan Hay; Alastair Paterson

Itunganywa na: Mary-Anne S.

Isobanurwa mu Kirundi na:
Manurakoze Pacifique


Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihé gusa mutayigurisha.




Umwami Nebukadineza yari yarose indoto,
kandi iyo ndoto yari yamuhagaritse umutima.
Kubw'Imana, Daniyeli yarashoboye
gusobanurira umwami ico iyo ndoto yasigura.



Ubwambere na mbere
Daniyeli yabanje
gusubiramwo iyo
ndoto uko yari imeze.
Aravuga ati: "Ewe
mwami, wabonye
igishushanyo kinini.
Cari kinini cane kandi
gifise ubwiza
butangaje!"




"Umutwe w'ico gishushanyo wari ukozwe
munzahabu."



"Igikiriza caco
n'amaboko yaco
vyari bikozwe
mw'ifeza."



"Inda yaco n'amatako yaco vyari
bikozwe m'umuyumpu."




"Amaguru yaco yari akozwe
m'ifero kandi ibirenge
vyaco navyo vyari
bikozwe mw'ifero
bivanze n'ivu
rituriye."




Amaze kudondorera ico gishushanyo
umwami, Daniyeli aca amubwira
n'ibindi vyari muri iyo ndoto.



"Ukiriko uritegerezza ico
gishushanyo, haje ibuye
utabonye iyo rivuye."




"Iryo buye ryakubise
vyabirenge bikozwe
mw'ifero no mw'ivu
rituriye vya nya
gishushanyo, kandi
ryabimanyaguye
mubimanyu vyishi."




"Hanyuma ico gishushanyo
caciye kimeneka. Gica
gihinduka inkungugu iratuma."

Daniyeli aca ageza ng'aho.

"Kandi rya buye ryaciye
rihinduka umusozi munini
wuzura isi."



Umwami aca aratangara. Kuko yumvise Daniyeli abimubwiye neza na neza uko yabirose. Daniyeli ivyo yari kubimenya gute? Ni kubw'ubuntu bw'Imana gusa Daniyeli yashoboye kumenya ivyo. Hanyuma Daniyeli aca atangura gusobanurira umwami Nebukadineza ico iyo ndoto yashaka kuvuga.




Daniyeli abarira
umwami ati:
"Imana iri
mw'ijuru
yaguhaye
ubwami,

ububasha
n'icubahiro,"
"Umutwe
ukozwe
munzahabu,
ni wewe."



Daniyeli abwira umwami ko ubwami bwiwe butangaje
buzohera. Cagihimba c'igishushanyo cari gikozwe
n'ifeza vyasigura ko ubwami
budakomeye nk'ubw'i
babuloni aribwo
buzosubirira ubwami
bwa nebukadinezza.
Umuypumpu
wasigura ubundi
bwami. Ifero
n'ivu rituriye
navyo vyasigura
ubwami
bugira kane.



Ubwami bwa 1

Ubwami bwa 2

Ubwami bwa 3

Ubwami bwa 4



Ikintu canyuma Daniyeli
yabariye umwami
cabaye iki: "Imana iri
mw'ijuru izoshiraho
ubwami butazokwigera
busamburwa."



Umwami amenya ko Imana
yonyene ariyo yashoboye
guha Daniyeli ubwenge
bwo kumenya no gutahura
iyo ndoto yari yarose.
Nebukadineza aca aha
Daniyeli ubutunzi bwishi
kandi amugira umuntu
ahambaye mubwami
bwiwe kugira ngo
amushimire.





Ubwami
bwambere,
ubwa
kabiri
n'ubwa
gatatu
bwaraje kandi
bwarakuweho.

Ubwami
bw'Imana
buza
inyuma
y'ubwami
bugira kane.
Mesiya
azoganza
isi. Kandi
birashoboka
ko ari vuba!



Daniyeli N'indoto Iyoberanye

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Daniyeli 2

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco,
guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130






Iherezo



32



60



Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuvyerekeye Imana
yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:
Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu buggingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

